

Kèk oryantasyon pou'w jwenn aksè a sevis lasante nan Curitiba



Verifye sitiyasyon vaksinal

Kèk enfeksyon (maladi) respiratwa kapab evite avèk vaksinasyon. Verifye dat vaksen ou yo, epi voye yon foto kat vaksinayon a pou nou.



Telekonsiltasyon Kowonaviris

Se yon modèl sèvis medikal ou kapab jwenn nan nimewo sila a **3350-9000**. Sèvis sa disponib de 8h nan maten jiska 11h nan lannwit, li reyalize separasyon pasyan yo e, si nesesè, li reyalize asistans atravè video pou jere ka ki modere ak ka ki grav.



Si ou gen sentom lejè (siy senp), evite ale nan lopital

Ale, de preferans nan inite sante debaz ki pi prè a si ou gen sentom tankou souf kout, dezidratasyon ak Lafyèv. Pou verifye ki inite Sante debaz ki ap fonksyone nòmalman tcheke lyen ki nan deskripsyon sa a.



Ijans ak emèjennsi (SAMU) – 192

KILÈ POU OU RELE? Nan sitiyasyon klinik tankou: doulè nan pwarzin ki parèt toudenkou, entoksikasyon ak pwodwi netwayaj ak anpwazònman, endispozisyon ak emoraji (senyen), atak kriz, souf kout epi fò toudenkou, elatriye...



Ponpye ak doktè (SIATE) – 193

KILÈ POU OU RELE? Anbilans SIATE yo la pou chòk ak blesi tankou pa egzanp: Aksidan trafik (rout) ki gen youn ou plizyè blese, pote sekou pou moun ki viktim a zam dife, kouto, kout ponya, ak lòt ka.



Inite swen ijans – UPA 24h

Inite sante sa yo sipoze evite la semèn, epi pou ou ale la ou dwe resevwa oryantasyon profesyonèl Inite sante debaz ki pi prè ou a, eksepte lè wikenn.

Kesyon/dout? Komante anba piblikasyon sa.

facebook.com/CaminhosDoSus



PBMIH
Português brasileiro para
migração Humanitária

UFPR
DeDESIGN

CSV
CATEDRA
SÉRGIO VIEIRA DE MELLO

UFPR
UNIVERSIDADE FEDERAL DO PARANÁ